ФИФ1 ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОК1

№70 (22.728) • 2014 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 15, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Илъэс куэдкIэ зыпэплъа ухуэныгъэ

● Дыгъуасэ

**КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий Бахьсэн районым хыхь Къулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэм гуфIэгъуэ щытыкIэм иту дыгъуасэ лъэмыжьыщIэ къыщыгъэIуихащ.**

ФИГУ КЪЭДГЪЭКIЫЖЬНЩI, илъэс 32-рэ и пэкIэ къуажэкум дежь лъэмыжьыр псым щытрихри, унагъуэ 60-м щIигъу щхьэхуэу кьэнаугъ щытащ. Абы лъандэрэ тхьэусыхафэ дапщэ ямыгъэшыни, нобэм къасыху ахэр кьрадзатэкъым.

Республикэм и Унафэщ1ым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм ищIа пщэрылъым тету, а Iэхум хэкIыпIэ кьыхуагъэотри, нэпкъитIыр зэрагъэубыдыжащ, махуи 10 - 15-м кьриубыдэу «Ай-Би-Си» промышленнэ-ухуакIуэ компанием лъэмыжьыщIэ трильхьащ.

Къуажадзэ нэхьыжьыфI, Хэку заузыщхуэм и ветеран Пщыхьэщ1э Нашир КIуэкIуэ Юрий жылэм дэсхэм я цIэкIэ фIыщIэ хуищIащ, республикэм и зыужьныгъэмрэ и зыужьныгъэмрэ хуэунэтIауэ зэувэлIа къалэнышхуэхэм ехьулIэныгъэ нэрылъагъуэхэр щIэныр зэригуапэр къыхигъащащ.

Данэ лентI плъыжьыр эпэупщIу ухуэныгъэр къызэIуаха нэужь, КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм КъулъкъужьИ Ищхъэрэм щыпсэухэм я гуфIэгъуэр яди Iэтащ, лъэмыжьыщIэм ехьулIэныгъэрэ гуфIэгъуэрэ къахудэкIуэну ехьулIэныгъуэ.

Апхуэдэу КIуэкIуэ Юрий и гуапэу хэтащ гъэазджэхэмкIэ сабий еджапIэу КIыпI Мухьэмэд и цIэр зезыхьэр къызэрызэIуахрэ илъэси 10 зэрырикъум хуагъэхьэзыра гуфIэгъуэ Iэхухэм.

Абыхэм ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

**АРУАН Алий.**

● Iэпкь Iуэху

# ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий арэзы тохъуэ

*Сурэтыр* Къарей Элинэ *трихащ.*

**Мэрем кIуам Адыгэ Республикэм и Правительствэм и Унэм щызэIущIащ АР-м и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрийрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ. «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэдрэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъарым икI сэлам гуапэр Iэтащхьэм ириха нэужь, ХьэфIыщIэм жиIащ 2014 гъэр ди лъэпкъми къэрал псом я дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхугъуэхэмкIэ гъэнщIауэ зэрыщытыр. Псом януэ къыхигъэщар XXII Щ1ымахуэ Олимп Джэгухэр Сочэ щегъэкIуэкIыным, абы адыгэ лъэпкъыр дахэу хэтыным Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэр иужь зэритарщ, къэрал Iуэхур зэрыдаIыгъарщ. ДАХ-м, «Адыгэ псалъэ» газетым я лIыкIуэхэр абы зэрыхэтар, адыгэм и щхьэр лъагэу зэриль ъагъужар, Сочэ щекIуэкIэр махуэ къэс лъэпкъ газетхэм къытрадзэурэ республикэрыскэм я пащхьэ зэрыралъхьар къыхитхэщащ Мухьэмэд. Олимп Джэгухэр адыгэ щIыгужым зэрыщекIуэкIам Адыгэ Республикэм и дежкIэ иIа мыхьэнэм щыщIэупщIэм, ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий къыхигъэщащ а Iуэхур къызэрырахьэжьэрэ АР-м и Хабзэубыху IэнатIэми, Гъэзэщ1акIуэ органхэми, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми, цIыху къызэрыгуэкIхэми зэрыдаIыгъар, я гуапэу зэрыхэтар.

- Ятеухуэ, «Адыгэ псалъэ» щIымахуэ Олимп Джэгухэр Сочэ щегъэкIуэкIыным» къыхуеджэныгъэм щIэту пэкIу зэхэтащ, Олимпиадэм теухуа зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэр ди республикэм къыщызэдгъэпэщащ, адыгэхэм я дахагъыр, я дуней тетыкIэр щагъэлъэгъуэну тхуауха унэм ди хэкум и лIыкIуэ куэд щыIащ, «Налмэс» къэрал къэфакIуэ гупми «Исламэй» ансамблми екIуу утыкум махуэ бжыгъэкIэ зыкъыщагъэлъэгъуащ. Мыхьэнэ ин яIэу къызолъытэ щIыхухэр къыщрагъэблэгъа, зэпеуэ нэхъыбэ дыдэ щекIуэкIа стадионым адыгэщIэ - «Фыщт» - зэрыфIащам, УФ-м и Президентыр жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадэхэм зэрахуэзам. ЖыпIэнуракъэ, абы щызэхуэса хамэ къэрал цIыху къомым ягъэщIагъуэу Iуэху дахэ куэд адыгэхэм щагъэлъэгъуащ, - жиIащ АР-м и Iэтащхьэм.

ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрийрэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэдрэ адэкIэ тепсэлъыхьащ ДАХ-р, адрей хэку хасэхэр иджыпсту зиужь ит Iуэхугъуэ нэхъыщхьэм - Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ дызэрыт илъэсым накъыгъэм и 21-м зэрырикъум, абы теухуауэ адыгэ хэгъуэгуэхэми, хамэ къэралхэми щратъэкIуэкIыну Iуэхугъуэхэр зэрагубыхуэм. ТхьэкIушынэм къыхигъэщащ абы ирихьэлIэу уэнжакъ тепльэ иIэу, зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я нэщэнэу Мейкъуапэ фэеплъ зэрыдагъэувар, блэкIар пщымыгъупщэу, ауэ ипэкIэ упльэу упсэун зэрыхуейр.

ДАХ-м и зи чэзу зэхуэсыщхуэм Щэрджэсхэм я ди лъэпкъо махуэ гъэувыпхъэу Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къызэрыщыхьхьам, ар фокIадэм и ещанэ щэбэтым трагъэхуэну зэрызэегурыIуам, махуэшхуэр гъэлъэпIэным зэкъуэш республикищым я Iэтащхьэхэр арэзы техъуэну зыхуагъэзэну зэрамурадым ТхьэкIушынэр щигъэтъуэзащ ХьэфIыщIэм.

АдэкIэ Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэр и хьэщIэм дэтэгушащ республикэм нобэ иIэ зыужьныгъэм, экономикэм и лъэныкъуэкIэ зыIэрагъэхуа екIуулIэныгъэхэм, инвестицIэ политикэр зэрекIуэкIым, дяпэкIэ я мурадхэм техуауэ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*Налшык - Мейкъуапэ.*

# Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм зыхуагъэхьэзыр

● ЗэIущIэхэр

**КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ щекIуэкIащ 2014 гъэм сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр, узыншагъэр егъэфIэкIуэныр егупчуу икIи фIагъ лъагэ иIэу къызэгъэпэщын хуейщ, - жиIащ зэIущIэр къыщыхьэухым. Марьяш Ириндэ. - Гупльэтэ хуэщIыпхъэщ абы-хэм я зыгъэпсэхугъуэр щхьэпагъ пылъу ирагъэкIуэкIыным, апхуэдэу сыт и лъэныкъуэкIи абыхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр ялэ игъэщын хуейкъым ящыщщ. Мы Iуэхум щхьэтельэфу убгъэдыхьэныр кьеэзгъыркъым, ар зи пщэ дэлъ дэтхэнэ зыми абыкIэ ткIийуэ жэуап ихьынущ. Абы къыхэкIыуи Iуэхум епха дэтхэнэри фыкъыхуэджэ фи къалэныр нэсу зэрызэфIэфхыным фыхущIэкъуну.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт** тепсэлъыхьащ 2013 гъэм сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр къызэгъэпэщыныр, узыншагъэр егъэфIэкIуэныр зэрекIуэкIам, мы илъэсым а Iуэхум зэрызыхуагъэхьэзырым.

- БлэкIа илъэсым а Iуэхум къызэщIедгъэубыдащ сабий 18.305-рэ, - жиIащ министрым. - 2014 гъэм загъэпсэхунущ икIи я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэнущ ныбжьыщIэ мин 20-м. А Iуэхум трагъэкIуэдэну хухахащ сом мелард 210-м щIигъу. Сабийхэм зыщагъэпсэхун икIи я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэн Iуэхущ1ап1э 64-м Iуэхум щIэгъэхуэбжьауэ зыхуагъэхьэзырын хуейщ.

Тюбеевым и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр щагъэкIуэну Iуэхущ1ап1эхэм я щытыкIэр ткIийуэ кьапщытэнущ. Мыхьэнэшхуэ зратынухэм щыщащ лагерхэм, санаторэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр, шынагъэншагъэм хуащI гулъытэр, зыхуэныкъуэ Iэщ1агъэлIэмкIэ нэсу къызэгъэпэщарэ къызэмыгъэпэщарэ, нэгъуэщIхэри. «А Iуэхугъуэхэм ящыщ зыгуэр щамыгъэзащIэ лагерхэмрэ санаторэхэмрэ мы илъэсым сабийхэр дгъэкIуэнукъым», - жиIащ министрым.

Сом мелуан 12 хухахащ республикэм и сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр щагъэкIуэну Iуэхущ1ап1эхэм я къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **БэракъРинат**. Апхуэдэу ахэр арэзы къищIакъым хущхьэхуэр зэрызэрахьэм, пщэфIап1эм къыщагъэсэбэп хьэкъущыкъуэр зыхуэдэм, сабийхэр щыжей пэшхэм щыIэ щытыкIэм, нэгъуэщIхэми. Бэракъым жиIащ мы илъэсми санитар хабзэхэр зэрагъэзащIэм ткIийуэ зэрыкIэлъплъынур, сабийхэр здащIыIэну дэтхэнэ зы Iуэхущ1ап1эми Iэмал имыIэу медицинэ пэшхэр щыIэн зэрыхуейр икIи абыхэм лэжьэну хуит зыщIтхьлъхэр зэрызэрагъэпэщыпхъэр.

Iуэхум зэрызыхуагъэхьэзырым и гугъу ящIу зэIущIэм кьащIысIалъащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэтвэм и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м, республикэм и Профсоюз зэгухьэныгъэм, районыгъэ Iуэхуэ-щIэныгъэ-хэр.

ЗэIущIэм и кIэм лагерхэмрэ санаторэхэмрэ Iуэхум зэрызэхьэзырыр кьэзыпщытэну Iэмал дIэкIым, апхуэдэ Iэщ1агъэлIэхэр республикэм къызэрыдэмэщIэкIым къыхэкIыу, - жиIащ абы. - Ауэ зэрытхузэфIэкIкIэ Iуэхум къыдошалIэ сабийхэм ядэлэжьэным и пIалъэ зыщIэ медицинэ лэжьакIуэхэр. Псом нэхъри нэхъыщхьэращи, а Iуэхущ1ап1эхэм жэщмахуэ ямыIэу медицинэм и лэжьакIуэ щыIэн хуейщ, ар дохутырми медсестрами хьунущ. Къищынэмыщ1ауэ, лагерхэми санаторэхэми езыхэм я машинэ яIэн хуейщ, зыгуэр хъэхьумэ, сабийр псынщIэу медицинэ Iуэхущ1ап1эм нашэсыфын хуэдэу.

2013 гъэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм сабийхэм зыщагъэпсэху, я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж Iуэхущ1ап1эхэм санитар хабзэхэр 118-рэ къыз1эпаудауэ къызэрыщIагъэщам тепсэлъыхьащ УФ-м Щ1ыхуэхэм я хуитыныгъэмрэ зэпэщныгъэмрэ кIэлъыплъныныгъэмкIэ и федеральнэ Iуэхущ1ап1эм и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **БэракъРинат**. Апхуэдэу ахэр арэзы къищIакъым хущхьэхуэр зэрызэрахьэм, пщэфIап1эм къыщагъэсэбэп хьэкъущыкъуэр зыхуэдэм, сабийхэр щыжей пэшхэм щыIэ щытыкIэм, нэгъуэщIхэми. Бэракъым жиIащ мы илъэсми санитар хабзэхэр зэрагъэзащIэм ткIийуэ зэрыкIэлъплъынур, сабийхэр здащIыIэну дэтхэнэ зы Iуэхущ1ап1эми Iэмал имыIэу медицинэ пэшхэр щыIэн зэрыхуейр икIи абыхэм лэжьэну хуит зыщIтхьлъхэр зэрызэрагъэпэщыпхъэр.

Iуэхум зэрызыхуагъэхьэзырым и гугъу ящIу зэIущIэм кьащIысIалъащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэтвэм и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м, республикэм и Профсоюз зэгухьэныгъэм, районыгъэ Iуэхуэ-щIэныгъэ-хэр.

ЗэIущIэм и кIэм лагерхэмрэ санаторэхэмрэ Iуэхум зэрызэхьэзырыр кьэзыпщытэну Iэмал дIэкIым, апхуэдэ Iэщ1агъэлIэхэр республикэм къызэрыдэмэщIэкIым къыхэкIыу, - жиIащ абы. - Ауэ зэрытхузэфIэкIкIэ Iуэхум къыдошалIэ сабийхэм ядэлэжьэным и пIалъэ зыщIэ медицинэ лэжьакIуэхэр. Псом нэхъри нэхъыщхьэращи, а Iуэхущ1ап1эхэм жэщмахуэ ямыIэу медицинэм и лэжьакIуэ щыIэн хуейщ, ар дохутырми медсестрами хьунущ. Къищынэмыщ1ауэ, лагерхэми санаторэхэми езыхэм я машинэ яIэн хуейщ, зыгуэр хъэхьумэ, сабийр псынщIэу медицинэ Iуэхущ1ап1эм нашэсыфын хуэдэу.

2013 гъэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм сабийхэм зыщагъэпсэху, я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж Iуэхущ1ап1эхэм санитар хабзэхэр 118-рэ къыз1эпаудауэ къызэрыщIагъэщам тепсэлъыхьащ УФ-м Щ1ыхуэхэм я хуитыныгъэмрэ зэпэщныгъэмрэ кIэлъыплъныныгъэмкIэ и федеральнэ Iуэхущ1ап1эм и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **БэракъРинат**. Апхуэдэу ахэр арэзы къищIакъым хущхьэхуэр зэрызэрахьэм, пщэфIап1эм къыщагъэсэбэп хьэкъущыкъуэр зыхуэдэм, сабийхэр щыжей пэшхэм щыIэ щытыкIэм, нэгъуэщIхэми. Бэракъым жиIащ мы илъэсми санитар хабзэхэр зэрагъэзащIэм ткIийуэ зэрыкIэлъплъынур, сабийхэр здащIыIэну дэтхэнэ зы Iуэхущ1ап1эми Iэмал имыIэу медицинэ пэшхэр щыIэн зэрыхуейр икIи абыхэм лэжьэну хуит зыщIтхьлъхэр зэрызэрагъэпэщыпхъэр.

Iуэхум зэрызыхуагъэхьэзырым и гугъу ящIу зэIущIэм кьащIысIалъащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэтвэм и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м, республикэм и Профсоюз зэгухьэныгъэм, районыгъэ Iуэхуэ-щIэныгъэ-хэр.

Зэ1ущ1эм и кIэм лагерхэмрэ санаторэхэмрэ Iуэхум зэрызэхьэзырыр кьэзыпщытэну Iэмал дIэкIым, апхуэдэ Iэщ1агъэлIэхэр республикэм къызэрыдэмэщIэкIым къыхэкIыу, - жиIащ абы. - Ауэ зэрытхузэфIэкIкIэ Iуэхум къыдошалIэ сабийхэм ядэлэжьэным и пIалъэ зыщIэ медицинэ лэжьакIуэхэр. Псом нэхъри нэхъыщхьэращи, а Iуэхущ1ап1эхэм жэщмахуэ ямыIэу медицинэм и лэжьакIуэ щыIэн хуейщ, ар дохутырми медсестрами хьунущ. Къищынэмыщ1ауэ, лагерхэми санаторэхэми езыхэм я машинэ яIэн хуейщ, зыгуэр хъэхьумэ, сабийр псынщIэу медицинэ Iуэхущ1ап1эм нашэсыфын хуэдэу.

2013 гъэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм сабийхэм зыщагъэпсэху, я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж Iуэхущ1ап1эхэм санитар хабзэхэр 118-рэ къыз1эпаудауэ къызэрыщIагъэщам тепсэлъыхьащ УФ-м Щ1ыхуэхэм я хуитыныгъэмрэ зэпэщныгъэмрэ кIэлъыплъныныгъэмкIэ и федеральнэ Iуэхущ1ап1эм и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Бэракъ 

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Мэшыкъуэ Барэсбий Мурид и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ и комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, мылъкумрэ хъэрычэт IуэхумкIэ и комитетым хэгъэхьэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Муртазов Ахъмэт Иброхьим и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экологиемрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ и комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щIы IуэхуэхмкIэ и комитетым хэгъэхьэн.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщыщта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м*
*№1875-П-П*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъурейхь дунейр хъумэныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2014 гъэм мазаем и 28-м* *№25-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъурейхь дунейр хъумэныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм бадзэуэгъэшI и 23-м къыдигъэкIа Унафэ №213-ПП-мкIэ къыщIтам, халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэу мы Унафэм щIыгъуэхэр къэщтэн.

2. Къару ямыIэжу къэлытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэхэу мы къыкIэлыкIуэхэм:

«2013 - 2025 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кIэрыхубжьэрыхуэхэмрэ пыдзахуэхэмрэ щыгъэхьэныр къызэгъэпэщыныр» республикэ программэ хэхам и IуэхукIэ» №353-ПП-м щIэту 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 23-м къащтам;

«2013 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псы комплексым зегъэужьныр» республикэ программэ хэхам и IуэхукIэ» №226-ПП-м щIэту 2012 гъэм фокIадэм и 26-м къащтам.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ХРАМОВ Константин**

**КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ ныкъэзыдыкъуэхэм Iэнатlэ къахуэгъуэтыным хузунэтlауэ республикэм щыгъэфIагъэкIхэм.**

ЗЭХЫХЬЭР къыщызэIуихым Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыку Iуэхущlапlэ нэхъыщхьэ и Унафэщым и къуэдзэ **Саенкэ Татьянэ** депутатхэмрэ ирагъэблагъэхьэмрэ ягу кIыгъэкIыжащ лэжьыгъэ зымыгъуэт цIыху гуп щхьэхуэхэм Iэнатlэ къахудэхьным теухуа хабзэр зэрагъэзащlэр щIэх-щIэхыурэ зэгъуэгу къыззэрыщцытэр, я деж къыщымынэ щхьэусыгъуэхэм къыхэкIыу, илъэс зэкIэлъыкIуэхэм а Iуэхум гугъуехь наIуэхэр къыззэрыдэунэхэр, ахэр къыззэрэкIын папщIэ, законодательствэр егъэфIэкIуэн зэрыхуэр.

КъБР-м ЦIыхухэм лэжьапlэ Iэнатlэ яIэнымкIэ и къэрал комитетым и унафэщым и къуэдзэ **Пэкъылевэ Ларисэ** къызэхуэсахэр хигъэтъуэзащ зи Iэпкъльгъэкым сэкъат иIэ цIыхухэм Iэнатlэ къахуэгъэпэщыным икIи яхуэхъыным хуэунэтlауэ зэуIуу зэфIагъэкIхэм. Абы зэрыжиIамкIэ, лэжьыгъэ зытхэм я къаланхэр зэрагъэзащlэр къапщытэ, ныкъусныгъэхэр къыщIагъэщ. Iэнатlэхэм я унафэщIхэм я пщэрылъщ хухаха квотэхэм тету ныкъэзыдыкъэхэр лэжьыгъэкIэ къыззэрыззрагъэпэщым теухуауэ хъыбарэр зыхуэфащэ (уполномоченнэ) Iуэхущlапlэм мазэ къэс Iэрагъэхьэну.

Республикэ законым ипкъ иткIэ, зи мылъкуу щытым емылъытауэ, цIыхуи 100-м щIигъу щылажьэ организацэхэм лэжьакIуэ псоми я проценти 2 ныкъэзыдыкъэу къащтэну я къэлэнщ. «Урысей Федерацэм ныкъэзыдыкъуэхэр социальнэ щыхъуэжьыкъуэм и IуэхукIэ» Федеральнэ законым къызэригъуэбзыкъуэ, зи лэжьакIуэхэр цIыху 35-рэ мынэхъ мащIэ, 100-м щIимыгъу унафэщIхэм абыхэм я проценти 3 хуэдиз квотэкIэ къащтэн хуейуэ щIыналъэ законодательствэм игъэувыну хуитщ.

Гызыевэ Ларисэ къызэриабы дыхуеджэну ди гуапэт.

УФМС-м къикIахэм зэрыжаIамкIэ, хэкум къихьэжахэм, мыбы щIэблэ къащIыхъуэмэ, къаралым ар цIыху хамэу ебж, пIалъэ мащIэкIэ щыпсэуну хуит ищIу аркъудейщ.

Урысейм ущыпсэуну, къаралым и цIыху ухъуну Iэмал щыIащ абы и гражданствэ зиIэ щхьэгъусэм илъэсищкIэ удэпсэуамэ. Ущыпсэуну хуит узыщI тхылъкIэ (вид на жительство) илъэситхукIэ УФ-м уисамэ, абы и цIыху ухъуну узэрыхуейм щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр бгъэхьэзыр хъунущ.

Гызыевэ Ларисэ зэIущIэм кърихьэлIахэм къагурагъэIуащ къэзыгъэзэжахэм лэжьапlэ Iэнатlэ иратыну Iэмал зэрыщIэр е къыхуагъэлъагъуэ лэжьыгъэхэм яхуэгъэзэрыхуэн яхэмытмэ, пIалъэкIэ Iэнатlэ зимыIэ цIыхухэм зэрыхатэхэрэр.

Я щIэныгъэм хагъэхъуэну гукъыдэж яIэми, мазихкIэ пщIэнэуи ирагъэджэжынущ. Ауэ а псом папщIэ Урысейм и цIыху ущыстын, ущыпсэуну хуит узыщI тхьпIэ уиIэн хуейщ. Щам къикIыжахэм я щхьэр здахьын къагъуэтамэ, итIанэ лэжьапlэ Iуэхуми пэрыувэнт. ПIалъэкIэ щыпсэу щIыпlэмрэ щатхамрэ зэтемыхуэми, къуэды тралъхьэ. Псалъэм папщIэ, санаторэхэм щIагъэтIысхьахэм абы зыщагъэтхэну хуиткIын.

- Иджыблагъэ щIалипщI яубыди Къуэды къытралъхьащ, - жаIащ кърихьэлIахэм. Ауэ ар упшынын папщIэ лэжьапlэ къэпхьын хуейкъэ?!

Гъэмэ зи щыIэкъым гукъуэ я куэдщ. Сыту жыпIэмэ, УФ-м и законымрэ Щам иджьпсту зэуI зэрыщкIуэкIымрэ зэхуагъэкIуэфырыкъым - законым мафIэ лыгъэр кьыгурыIуэркъым.

ХэкIыпIэу щыIэр, тIум я зым зэхъуэкIыныгъэ хлъхьэнрауэ къыщIэкIынущ. Зауэр хъэсыеякъэ, ихъуэжьынур зыщ - дунеягъэр ажалкIэ. Кьэнэжьр законырщ...

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● КъБР-м и Парламентым

# Нэхъыщхьэр къалъытэ

лъытэмкIэ, а мардэр ди деж къыщыхалъхьэну пасэщ икIи мыкъэнэ щIэнкъуэм. Сыту жыпIэмэ, хъэрычэтыщIэ Iэнатlэ цIыкIуэхэмрэ курытхэмрэ я нэхъыбэр республикэм и предприятэхэм, организацэхэм хабжэ.

- Лэжьапlэ Iэнатlэхэр къызэгъэпэщыным пыщIа пщэрылъхэр абыхэм къатехьэлъэнущ, нэхъыбэр пэлъэщынкъым. Ику иту цIыхуи 100-м щIигъу зиIэ предприятэхэм ар яхуэгъэкъарунущ. КъищынэмыщIауэ, учетым щыт ныкъэзыдыкъэ псори лэжьыфынукъым, Iэнатlэ пэрытыну хуэмейхэри мащIкъым. Ар къэплъытэмэ, ныкъэзыдыкъэхэм папщIэ лэжьапlэ Iэнатlэу агъэлъэгуар (2014 гъэм - 108-рэ) зыхуеиным щIегъу, - къыхигъэщащ Гызыевэ Ларисэ.

Я къызэгъэпэщыкIэ-правовой щытыкIэмрэ я лэжьыгъэ зыхуэдэмрэ къамылъытэу, здыщIэкIыну органнизацэхэм зэретхьэкъым къыхэкIыу, Саенкэ Татьянэ Къэрал комитетым чэнджэщ иратащ КъБР-м и Парламентым УФ-м и Къэрал Думэм игъэхьын папщIэ, федеральнэ законым и проект гъэпсыкIэм тету, зыхуэфащэ Iуэхугъуэхэр игъэхьэзырыну.

- Балигъ мыхъуахэм квотэ зэрыхухах щыкIэри зэпкърахащ, Гызыевэ Ларисэ зэрыжиIамкIэ, республикэ законым къыззригъэзывым хуэдэу, ику иту лэжьакIуэхэр зэрыхъуэ и процентитIым тещIыхьауэ, зи ныбжьыр илъэс 14-м щегъэжьауэ 18-м нэсхэм ящыщ къащтэн хуейщ. Къэпсэлъэм къигъэльэгъуащ лэжьапlэ Iэнатlэхэм я квотэхэр гъэувыныкIэ законым щыуб зыхуэхэр Iуэхущlапlэ псоми зэхуэдэу зэрамыгъэзащlэр. Ар УФ-м ЛэжьыгъэмкIэ и кодексымрэ Iэнатlэ унафэщым хэзгъэзэ пщалъэ-правовой актхэмрэ пэщIоуэ. А законыр зытещIыхьа организацэ 261-м ящыщу 200-р къэрал, бюджет Iуэхущlапlэщ, апхуэдэу лэжьыгъэ гугъум пыщIа предприятащ. Къэрал властым и федеральнэ кулыкъущIапlэхэм я щIыналъэ хущIамкIэ, прокуратурэ, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм, муниципальнэ районхэм я щIыпlэ административцэхэм, узыншагъэр хъумэныкIэ Iуэхущlапlэхэм балигъ мыхъуахэр къыщагъэсэбэну Лэжьыгъэмкlэ кодексым идэркъым. Абы къыхэкIыу, законым къыщыгъэльэгъуа мардэр хуэужьн хуейуэ къыхалъхьар депутатхэм даIыгъ.

ЦIыхухэр Iэнатlэкlэ къыззэгъэпэщ Iуэхущlапlэхэм нэгъабэ ныкъэзыдыкъэ 1186-м зыхуагъэзагъ, 253-м лэжьыгъэ къыхуагъэтащ. 2014 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу ныкъэзыдыкъэ 768-м республикэм и апхуэдэ Iэнатlэхэм зыщрагъэтхащ.

КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьныгъэм и Iэтащхьэ **Амщокъуэ Фатlимэ** депутатхэм захуигъэзащ дзэм щеIэзэ Iуэхущlапlэхэм ящыщ щым щылэжьа ныкъэзыдыкъэр щIыкIыжам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкIыну. Iэнатlэм и унафэщIыр хабзэм зэрытетар зэпкърахыну къапэщытащ, ауэ 2011 гъэ лъандэрэ и лэжьакIуэ ныкъэзыдыкъэм тумэнипщIым къыщыщIэдзауэ сом 500-м нэблагъэ фIэкIа улахуэу зэрыхуимытхар лэжьыгъэмкIэ законодательствэм зыкIи къызэремыззэгъыр наIуэщ.

ЗэIущIэм и кIэухым Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкlэ и комитетым и унафэщI **Карныш Сергей** къыгъэльэгъуащ ныкъэзыдыкъуэхэм Iэнатlэ къыззэрыхуагъэт щIыкIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ, предприятэ зэхэт хэхахэр республикэм къыщыззгъэпэщын хуейуэ къыззэрилыкIтэр.

**УЭТЭР ФатIимэ,**
*КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэ.*

● КъБР-м и прокуратурэм

# Зи чэзу къалэнхэм ятеухуауэ

**КъБР-м и прокуратурэм федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныкъуэ и къудамэм и прокурор Геляев П. «Урысейм и хъэрычэтыщIэ щIыхубзхэм я зэгухьныгъэ» урысейпсо жылагъуэ организацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм иригъэкIуэкIа республикэпсо конференцым хэтащ.**

АБЫ щытепсэлъыхьащ щIыхухэр гупсысэ узыншэм къыхуэгъэуцыным, щIалэгъуалэр гъуэгу зэхуэм тешэным, щытыкIэ гугъум ихуахэр гъащIэм хэгъэзэгъэжьным теухуа гъэтIылъыпIэ зимыIэ Iуэхугъуэхэм, абы и лъэныкъуэкIэ къэув къалэнхэмрэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ.

Апхуэдэу социальнэ проектэр гъэзэщIа зэрыхъуар къапщытэжащ, школ психологхэм я лэжьыгъэр езыгъэфIэкIуэну чэнджэщхэр къащтащ.

# Мы гъэми пащэ

**КъБР-м и прокуратурэр республикэм и фермерхэм я зэIущIэм хэтащ. Абы щытепсэлъыхьащ мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэр властым и къэрал Iэнатlэхэм зэрадлажьэм, агробизнес мыиным зегъэужьынымрэ къыщхьэщыжынымрэ пыщIа Iуэхугъуэ хуэдэм.**

РЕСПУБЛИКЭМ и мэкъумэшыщIэхэм субсидиехэмрэ грантхэмрэ зэрыхухах щIыкIэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм абы и лъэныкъуэкIэ зэфIигъэкIхэр зэхъыхьэм кууэ щызэпкърахащ.

КъБР-м и прокуратурэм и кIэлъыплъныныгъэ лэжьыгъэр мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьныным, мэкъумэшхэкIэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр зэкIэлъыгъэкIуэным тещIыхьа къэрал программэр гъэзэщIэным субсидие, грант щIыкIэу хухах бюджет мылъкур зэхемыгъэдыгъуэным, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьаэр хабзэм тету зэхуэпым ешэлIэным хуэунэтlащ.

Къащтэмэ, республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и Iуэхущlапlэхэр зэрыщагъэгъуэгъуэ ныкъэзыдыкъуэхэм Iэнатlэ къызэрыхуагъэт щIыкIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ, предприятэ зэхэт хэхахэр республикэм къыщызэгъэпэщын хуейуэ къызэрилыкIтэр.

Къащтэмэ, республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и Iуэхущlапlэхэр зэрыщагъэгъуэгъуэ ныкъэзыдыкъуэхэм Iэнатlэ къызэрыхуагъэт щIыкIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ, предприятэ зэхэт хэхахэр республикэм къыщызэгъэпэщын хуейуэ къызэрилыкIтэр.

«Яща шэ литрым (килограммым) трагъэкIуэдам щыщ Iыхьэ мэкъумэш Iэнатlэхэм хухалъхьэжьын папщIэ, КъБР-м и республикэ бюджетым и хьэжкIэ субсидиехэр зэрат щIыкIэм и Iуэхукlэ» 2013 гъэм гъатхэпэм и 22-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №99-ПП-р гъэзэщIэнымк хухаха сом мелуани 4,5-р зрагъэгъуэтащ. Республикэм и прокуратурэм иригъэкIуэкIа къэпщытэнымкIэ кърикIуэм ипкъ иткIэ, УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 159.2-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм, 327-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм щыщы-гъэлъэгъуэ щIэпхъаджагъэхэр зэрилэжьам къыхэкIыу, КъБР-м щыIэ МВД-м следствэмкIэ и управленэм «Симментал» СХПК ООО-м и унафэщI ХъуэкIуэн Хь. хэгъэзащ уголовнэ Iуэху къызэIуихащ.

Мы гъэми ищхьэкIэ къыщыдгъэльэгъуа лэжьыгъэм хуэдэхэм пащэ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэ.***

● КъБР-м и Пенсэ фондым

# Псэупlэр егъэфIэкIуэным халъхьэ

**Анэ (унагъуэ) мылъкум и къэрал сертификатыр Пенсэ фондым къеIыхьа унагъуэхэм я бжьыгъэр мелуани 5-м щIигъуащ. Абыхэм я процент 46-м ахъщэр къагъэсэбэнащ. Анэ мылъкум и нэхъыбэр я псэупlэр егъэфIэкIуэным хальхьэ. Къэрал щыIэныгъэм хуэдэу мелуани 2,3-м нэблагъэм а Iэмалыр къагъэсэбэнащ. Абыхэм ящыщу мелуанрэ щитхъу щIигъум псэупlэ кредиту сом мелард 546-рэ зытрагъэкIыжащ, унагъуэ мин 760-м анэ мылъкуу сом мелард 246-рэ халъхьэри, щIыхуэ хэмыту, псэупlэ къащэхуащ, яхуащ е ар зэрагъэпэщжащ.**

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, унагъуэ ахъщэр сабийхэм ящыщ егъэджэным, щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущlапlэм етыным, сертификатыр зейм и къэкIуэну пенсэм хэгъэхъуэным хухах хъунущ. Къащтэмэ, сабийр егъэджэным мылъку хэзылъхьэнухэм сом меларди 5,4-м хуэзэ заявкэу минии 115-рэ, анэм и къэкIуэну пенсэм и зэзыгъэуIу Iыхьэм ахъщэр зыгъэкIуэнхэм сом мелуан 422-м пэкIуэ тхылъ мини 2,2-рэ Пенсэ фондым иратащ.

Сабий зиIэ унагъуэхэм къэралым зэрызащIигъакъуэ программэр пIалъэкIэ зэрызэхуэгъэкIуэ щыкIэм теухуауэ Пенсэ фондым фигу кьеГъкIыж: щыIэ законодательствэм ипкъ иткIэ, анэр мылъкум и сертификатыр зратыну 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 31 щIондэ къалъхуа е япIыжьыну къащта сабий зиIэхэрщ. Сертификатыр кызэрыдыхъ, къызэрагъэсэбэн щIыкIэр пIалъэ гуэрым тещIыхьакъым. Аращи, анэ мылъкур зыхалъхьэнум емыпIэщIэкIми хъунущ, сыту жыпIэмэ, илъэс къэс абы хагъахьэу. 2007 гъэм ар сом мин 250-рэ хъуэу щыта-щта сабий зиIэхэрщ. Сертификатыр кызэрыдыхъ, къызэрагъэсэбэн щIыкIэр пIалъэ гуэрым тещIыхьакъым. Аращи, анэ мылъкур зыхалъхьэнум емыпIэщIэкIми хъунущ, сыту жыпIэмэ, илъэс къэс абы хагъахьэу. 2007 гъэм ар сом мин 250-рэ хъуэу щыта-щта сабий зиIэхэрщ. Мы илъэсым сом мин 429-рэ 408-рэ кIэпIейкIэ 50-м нэсащ.

***УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущlапlэ.***

● ЗэIущIэхэр

# Гукъеуэр куэдрэ хэкIыпIэр мащIэу...

**СХьР-м щекIуэкI зауэм и мафIэ лыгъэм кърихужьэу хэкум къекIуэлIэжа ди лъэпкъэгъуэхэр къытхэзэгъэным, я хуитныкIуэхэм нэIуасэ хуэщIыным теухуауэ Налшык къалэ зэIущIэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м Печатымрэ щIыхуфэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Дроздов Игорь. ЦIыхухэм лэжьапlэ Iэнатlэ яIэнымкIэ къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Гызыевэ Ларисэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ и департаментым и унафэщI КIуражын Анзор, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Iуэхущlапlэм и унафэщI Мыкъуэжь Арсен. КъБР-м щыIэ УФМС-м виззэхэмкIэ и къудамэм и инспектор, къэрал кIуэцI къулыкъум и лейтенант нэхъыжь Беппаев Мурат, Лэжьыгъэ къалъхьэуэ Iэпхъуэщапхъуэм, зауэм, нэгъуэщI щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу ди щIыналъэм къэIэпхъуэхэм я Iуэхугъэмкlэ Iэщlагъэлl нэхъыщхьэ Башиев Рашид, нэгъуэщIхэри.**

- ДЫЗЫТЕПСЭТЪЫХЬ Iуэхур нобэкIэ гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэхэм ящыщщ. Щам къикIыжахэр хэкум щыпсэуным зэран хуэхъу лъэпощхьэпохэм, ахэр УФ-м и цIыху хъун папщIэ зэрагъэпэщын хуей дэфтэрхэм, лэжьапIэ Iэнатlэ гъэувыным, егъэджэным ятеухуауэ диIэ гупсысэхэмкIэ дызэхъуэжэн хуейщ. Си гуапэщ фи Iуэху къызэрыдэфхэлIар , - жаIащ Дроздов Игорь.

Беппаев Муратрэ Башиев Рашидрэ Сирием къикIыжахэм жраIащ ахэр ди къаралым щыпсэуун папщIэ хуей дэфтэрхэр зыхуэдэр, ахэр зэрызэрагъэпэщыну щIыкIэр.

- Къэралым виззэ уиIэу укъихьамэ, мыбы ущыIэну ухуитщ мазиккIэ, виззэ уимыIэу, зыгуэрым и къэбзэлгъэныгъэкIэ укъэкIуамэ - мазиткIэ. А пIалъэр иуха нэужь, къэралым уикIыу, щIэрыщIэу къэбгъэзэжьынхуейщ, - къыхигъэщащ Беппаевым.

- Нобэ Щам бгъэззжу дэфтэр къыдэпхыныр егъэлеяуэ гугъущ, - жиIащ СХьР-м къикIыжа щIалэхэм ящыщ зыш, - зауэ щекIуэкI щIыпIэм лжьапIэ Iэнатlэхэри щызэхуэщIащ. Дамаск и закъуэщ тхылъымпIэ кIапэлъапэ гуэрхэр щызыIэрыбгъэхьэжьыфынур. Щам адыгэу щыпсэууэ зхъуам Дамаск виззэ къыщыIахьыну Iэмал яIэкъым. Мыбы къэкIуэжахэри гуныкъуэгъуэ щыщIэркъым. ИльэсищI хъуауэ Хэкум щыпсэуэхэр къытхэтщ. Апхуэдэ унагъуэхэм сабийхэри къахэхъуащ. КъБР-м къащалъхуа сабийжэм Щам паспорт къыщыхудахьфынукъым. Урысейми абы паспорт иритынукъым. Еджэным и Iуэхури нэхъ щIагъуэкъым. Псалъэм папщIэ, машинэ псынщIэ зехуэнымкIэ экзаменыр компьютеркIэ уагъэт урысыбзэкIэ. Сыт хуэдэ къэралми абы папщIэ тэрмэш яIэщ. Дэ урысыбзэр тщIэркъым. Тхьэмахуэм сыхьэт зытIущ

● Банк Iуэхуэр

# ПщIэ лей щIатыркъым

**ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу къыхалъхьа Iуэхугъуэ хэхам зэрыщыубзыхуам хуэдэу, потребительскэ кредитым щхьэщатыкIыпхъэхэр Урысейм и ХъуманIэ банкым пенсионерхэм яхуегъэмащIэ. Мы гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ накъыгъэм и 15 щIондэ банкым абыхэм яхуегъэльагъуэ ди ахъщэмкIэ иилъэсым пэщIэдэзэу процент 16,5-рэ зытехьэ щIыхуэ къызэрадыгъэ Iэмалыр.**

ЩХЬЭЩАТЫКIЫПХЪЭР щагъэувкIэ къащтэ кредитыр ятыжьныкIэ дэтхэнэми бгъэдэлъ зэфIэкIыр къалъытэ. ХъуманIэ банкым и счетымкIэ пенсэр къеIызымыхэм щIыхуэ къащтэн щхьэкIэ зыхуейр тхьалъитIщ: и паспортымрэ иужь мазэм и пенсэр зэрыхъуам теухуа справкэрэщ. Апхуэдэу лажьэ пенсионерхэми Iэнатlэ зэраIэмрэ я хэхъуэхэр зыхуэдизымрэ теухуа тхылъхэр ят хъунущ.

- Потребительскэ кредитым республикэм щIэупщIэ щиIэщ. ЦIыхухэхэм я нэхъыбэр ремонт лэжьыгъэм халъхьэ, куэдыр зыгъэпсэхуакIуэ макIуэ, мэщахуэ. 2014 гъэм и япэ мазищым кIриубыдэу ди щIыналъэ къудамэм сом мелуан 500-м нэблагъэм хуэзэ потребительскэ кредиту минипIым щIигъу итащ, - къыхигъэщащ Урысейм и ХъуманIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

ЩIыхуэ къэзыщтэ щIыхухэм абы пщIэ лей щIатыркъым.

**БАГЪЭТЫР Анзор.**

● Гу зытъытапхъэ

# Зауэм и бынхэм траухуэ

**«Зауэм и бынхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ къудамэмрэ республикэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэмрэ ирагъэкIуэкI «Журналистхэр зауэм и бынхэм ятепсэлъыхь» зыфIаща зэпеуэр.**

ЗЭПЕУЭР къызэзыгъэпэщахэм я мурадыр - хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм пэрыт журналистхэм республикэм щыпсэуэхэм ящыщу зи сабингъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдахэм, тылым и лэжьакIуэхэм, балигъ мыхъуахэм гульитэ нэхъыбэ хуегъэщIынырщ, щIэблэм Хэкур фIыуэ ялъагъуу къэгъэхъуныщ.

Зэпеуэм хэтыну гупыж зыщIэхэм 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10 щIондэ къэпщытакIуэ гупым Iуэхум зэрыхэтынумкIэ тхьалъ хуагъэхъуэн хуейщ. Абы щIыгъупхъэщ лэжьыгъэр (тхыгъэм и щIэр, ар къыщытрадзар (эфирым щыкIуар), и аннотацэр, лэжьыгъэр зейм и цIэр, и унэцIэр, и адэцIэр, къыщалъхуа гъэр, щылажьэр, телефоныр).

Зэпеуэм евгъэхьыну тхыгъэхэр 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 1 щIондэ газетхэмрэ журналхэмрэ къытехауэ, эфирым кIуауэ щытын хуейщ.

Тхыгъэхэр КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр зэгъэхьын хуейр (Налшык, Ленинным и проспект, 5, 5 къат, 507-нэ тыш).

Зэпеуэм кьрикIуахэмрэ текIуахэмрэ къэпщытакIуэхэм ягъэнэIуэнущ.

Абы пашэ щыхъунуэм папщIэ яубзыхуащ япэ саугъэту щы, сом мин тхурытху хъууэ, етIуанэ саугъэтищи сом мин щырыщ мэхъу, зэрытрагъэгушхуэ ещанэ саугъэтищи щыIэнущ.

Зэпеуэм кърикIуахэр хъыбарегъащIэ Iэмалхэмкlэ хэIуцIыIу ящIынущ. ТекIуахэр фэеплъымрэ щыгъуэмрэ я махуэм - мэкъуауэгъуэм и 22-м ирихьэлIэу ягъэлъэпIэнущ.

**БЖЬЫХЬЭ Роза.**

● Акцэ

# Хъуэхъу гуапэ

**Хэку зауэшхуэм хэтауэ зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъуа ветеранхэм ятеухуа урысейпсо акцэм адэкIи пащэ.**

ЗАУЭ гъуэгуанэ хьэлъэр зи фэ дэкIа нэхъыжьхэу Мэргъущ Чэзибан, Джантуевэ Джансурэт, Калюпановэ Лидэ, Биндюковэ Валентинэ, Капрановэ Пелагее сымэ илъэс 90, Ушаков Александр илъэси 100 зэрырикъуамкIэ я унэхэм кIуэри ехьэхъуащ икIи я Iуэху зытет зрагъэщIащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ, хабзэхъумэ ІэнатlэхэмрэІэщцкIэ ЗэщIэуэзда къарухэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ советым и Iэтащхьэ Абдулаев Мустэфа, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Жанатаев Сэлим сымэ. Абыхэм иратыжащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыбгъэдэкIа хъуэхъу тхылъхэри.

«ПщIэ зыхуэтщI ди нэхъыжьыфIхэ, зэ дрогушхуэ псэемыблIжу зауэ лыгъэм и гугъуехь псори фи фэм дэхуэу, ТекIуэныгъэ Иныр къызэрытхуэфхьам папщIэ. Фэ зефхьа лIыгъэ мыкIуэдыжьыр псэкупсэм, жэуаплныныгъэм, пэжыгъэм я щапхъэ нэсу ирагъащIэкIэ къыддэгъуэгурыкIуэнущ. Сыныбжьхуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэу ди япэ куэдрэ фитыну», - итщ абы.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

**(КIэтыкIуэр. ПэщIэдзэр №№66-67-хэм итц).**

МафIэм пэрысхэм ящыщ зы къэтэджкри Хьэжы-Мурат къыбгъэдыхьащ икIи Iумпiэмрэ лъэрыгъыпсымрэ нэубдащ. Ар Хьэжы-Мурат нэущ ипа авар щалэ Хьэнэфийт.

- МафIэр вгъэнкIыфI, - жиIащ Хьэжы-Мурат епсыхьыурэ. Цыыхухэм дэпхэр зэбгратхъуурэ, пхъэ дзакIэхэм теувэрэ гъэункIыфIым щIадзащ.

- Батэ къэкIуа? - щIэупщIащ Хьэжы-Мурат, щIакIуэ убгъуамкIэ кIуэурэ.

- КъэкIуащ. Хьан-Магомэ и гъусэу зэрежьэжрэ куэд щIакъым.

- Дэтхэнэ гъэзэгумкIэ?

- МобыкIэ, - и Iэр ищIащ Хьэнэфий, Хьэжы-Мурат къыIэрыкIуа гъуэгур мыхъуу, адрей лъэныкъуэмкIэ.

- Хьунщ, - жиIащ Хьэжы-Мурат, зыпщIэхиха фочыр нуэзыжуурэ. - Сакъым хуейщ. Дгуфэ пхъэр итащ, - жиIащ, мафIэр зыгъэнкIыфI лIым зыхуигъаззуурэ.

Ар зэпсалъэр Хьэмалэт, шэшэн щIалэрт. Хьэмзалэ щIакIуэм къыбгъэдыхьэщ, и фочыр къиштэжри Хьэжы-Мурат къыздикIа мэз лъапэ лъэныкъуэмкIэ кIуащ, щыму. Елдар епсыхщ, Хьэжы-Мурат и шыр IумпIэкIэ Iуишри, шитIми и щхьэр зэгъэкъуаУэ жыгым ирипхащ, итIанэ, Хьэмзалэ ещхьу, фочыр кIыштэри фэхум и адрей лъэныкъуэм деж щиувыкIащ. МафIэр ягъэнкIыфIати, япэм хуэдэу, дунейр апхуэдизу кIыфI къыпщIыхъужьрэтэкъым, фагъуэ хъуами, уэгум вагъуэхэр щыблэрт.

Вагъуэхэм дэплъейщ, Стожархэр здэщыIэр зригъэхьагъури, Хьэжы-Мурат къыщIащ жэщ мыкъуэфI зэрыхъуар, пщэдджыжь нэмэз щIыгъуэм зэрынэбэлгъар. Хьэнэфий сыт щIигъуи къыздришэкI къубгъаньр къыIихщ, щIакIуэр зытрибгъуэри, ар псымкIэ ежьащ.

Зиуплэпщ, андез ищтэри, ар лъапщIэу щIакIуэм теуващ, къэблэмкIэ зигъаазэри, и напIэхэр зэтедзауэ, нэмэз щIын щIидзащ. ЩIнухьм, хьужьын зэпедэкIыр здэщыIым нитъэжкри, щIакIуэм тетIысхьажащ, и IитIымкIэ лъэгуажьэм тегъэщIарэ и щхьэр лъахъшэу ехьэхауэ хэгупсысыхьауэ.

